

Sa Ou Dwe Konnen Sou Woujòl

Avril 2024



Woujòl se yon virus respiratwa ki trè kontajye e ki ka danjere, espesyalman pou tibebe ak timoun piti. Pandan ke pifò moun nan Etazini ak Vermont pran vaksen kont woujòl, kominote ki gen yon nivo pi ba nan pwoteksyon vaksen yo gen plis risk pou gen epidemi. Woujòl komen nan kèk peyi, kidonk asire w ou pwoteje kont woujòl anvan ou vwayaje nan entènasyonal la.

Woujòl gaye nan lè a soti nan yon moun ki enfekte.

- Virus Woujòl viv nan larim nen ak gòj yon moun ki enfekte.
- Virus la gaye prensipalman lè yon moun ki enfekte touse oswa estènen.
- Ou ka tonbe malad si ou respire lè yon moun ki enfekte oswa si ou manyen yon sifas ki gen virus la epi apre sa touche je ou, nen ou, oswa bouch ou.
- Virus la ka rete nan lè a pou jiska de èdtan.

Woujòl se youn nan virus ki pi kontajye.

- Sentòm yo gen ladan yo lafyèv trè wo, tous, nen k ap koule, ak je wouj ak dlo.
- Yon gratèl parèt anjeneral 3 a 5 jou apre premye sentòm yo.
- Yon moun ki enfekte ka gaye woujòl menm avan yo konnen yo malad.

Vaksen kont woujòl yo san danje e yo trè efikas.

- De dòz vaksen kont woujòl, malmouton, ak ribeyòl (measles, mumps, and rubella (MMR)) yo gen 97% efikasite kont woujòl.
- Timoun yo ta dwe pran de dòz vaksen MMR—premye dòz la nan 12-15 mwa epi dezyèm dòz la nan 4-6 ane.
- Tibebe ki gen 6 a 11 mwa ki ap vwayaje entènasyonalman ta dwe pran yon dòz MMR bonè omwen de semèn anvan vwayaj la.

Asire w ke ou menm ak fanmi ou byen vaksinen kont roujòl.

- Revize dosye vaksen ou ak dosye vaksen fanmi ou oswa pale ak doktè ou si ou pa sèten konsènan pwoteksyon kont woujòl ou sifi.
- Li enpòtan pou ou pwoteje kont woujòl anvan ou vwayaje sòti Etazini.

Rele doktè ou imedyatman si ou panse ou ka gen woujòl.

- Rete lakay ou epi evite kontak ak lòt moun otank posib.
- Mete yon mask si w malad oswa si w bezwen pran swen yon moun ki malad.
- Si ou pa gen yon founisè swen sante, rele 2-1-1 pou konekte ak swen, oswa kontakte Sant Sante Kalifye Federal ki pi pwòch la oswa youn nan Klinik Gratis ak Referans Vermont yo.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou HealthVermont.gov/Measles.